
RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
Langkoengpoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
tepang rembag roemijin kalijan adminis-
tratie.

Hooftredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

ISINIPOEN.

Imam pribomi — mBokbilih kagalih — Habiranda — Soenat lan perloe — Manah kapentjil, — Ijs stroop doesoen — Atoer panoewoan lan soecker koela — Film Indonesia — Poenapa boten nama ngewak-éwakaken — Menggah pamanggihi poen Garèng bab pantalon lan rok — Roepak temen djagad poenika — K. W. Djokja — Verificatie R.W. — Krans Wanita — Saking Djokja — Tamoe loehoer — Moekdjidat sadoewoering moekdjidat — Ontjèn — Atoer oeninga — Panoentoening laré — Correspondentie.

TAMAN PAMOEDJA.

Adjining imam tjiang siti, toemrap tanah woetah rahipoen pijambak.

Katarik ing gagasan, ingkang medal saking manah soeti, ngèneti oesoelipoen sadérèk F. Harjadi, ing oedyana ngrikil, koela ndérèk mangajoebagia saking katebihan latjoetipoen dateng Com. Priester-fonds. Atoer koela wonten ngrikil poenika menawi kagem, kéng kangé oelar-oelar lan pantjadan ngalih wigatosing rembag, sageda toeman-djem lan roemesep ing sanoebarti, adjeng boten tjato-tjato, malah nganggepa anggadahi koewadjiban ingkang loehoer poenika, nggegesang oetawi nenoentoentraos, toemoedjoe koewadjiban loehoer, dateng sanaksaderèk, wah malih mitra kadang karo, loemèbèr dateng para poeta, djalaran pantji katah oetawi ageng aos ing imam tjiang siti, toemrap tanah woetah rahipoen.

Tanda jektinipoen:
Ing Pradjangdjian lami, ingkang kéngking datus imampioen bangsa Jahoedi, namoeng toeroenipoen Levi.

Ing Pradjangdjian énggal, Goesti pribadi ngewahi atoeran poenika, ndanganaken kanti sardjoening panggalih, ngangkat tjiang kadadosaken imam. Margi saking poenika para Rasoo lan gegentosipoen i. p. para imam, boten adjrih ngangkat para tjiang kapir ingkang mentas ngrasoek agami Christen kadadosaken imam. Kadosta: tjiang saking Syrië, Klein-Azië, Italië, tanah pasisir Afrika sisih lèr.

Para imam, mbangoen lan nenoentoentraos sageda tjiangipoen boemi pijambak, dados imam.

Gandeng malih kalijan lelajaran dateng Tanah Tjina, Djepang, India ngadjeng lan wingking, Amerika, Australie, doemoegi tanah salebetipoen Afrika kidoel, lan Tengah, para imam oegi ngoedi sagedipoen para tjiang boemi dados imam; nangking katah sanget alangan lan kasisahan ingkang kedah dipoenperangi roemijn, sagedipoen kalampahan idamanidaman poenika, i. p. mergi katah kaotipoen tata-tjara Kilènan (Europesche beschaving) kalijan adati-poen tjiang ing ngrikoe.

Ingkang dados pambengan ageng i. p.

1e. Kekirangan jatra kangé ngedaken sekolahann tjalon imam, andjalari sakedik sanget wontenipoen.

2e. Margi saking kiranging kasa-gebandipoen para laré-laré pribomi, kangé nggajoeh dradjat ingkang loehoer poenika.

3. Margi saking kiranging antep lan twadjoeh amedjahi oetawi njirep oebaleng hawa-nepsoe toemraping daging.

Kawontenan ingkang mekaten poenika ngantos 3 abad laminipoen, dèrèng saged mangoen imam saking tjiang siti, ingkang ngrasoek agami Christen. Mangka èstoenipoen imam tjiang siti poenika perloe sanget oetawi ageng dajanipoen dateng tanah woetah rahipoen, katanda saking imam tjiang boemi, temtoe langkoeng saged lan trampil anggénipoen ndeder widji kapitadosan, dateng bangsanipoen pijambak, tinimbang para imam ingkang dateng saking |

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:






































































1 taoen	f 7,50	{	njoewoen kabajar
1/2	f 3,75		roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie

XAVERIUS - COLLEGE

MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canistus“ Djokja.



IJs-stroop wedalan doesoen.

Koela sadaja manoengsa poenika, manoet kitab, tedak-toeroenipoen swargi Bapa ADAM lan Iboe Siti CHAWA. Dados sadaja bangsa poenika inggih sadérèk kita, grad saking swargi Éjang sarimbbit waoe.

Nangang toeroenipoen genah sa-poenika dérèng manoenggil dados sakandang. (Kandang ingriki teges-ipoen: boten kados kandang lemboe, maesa sapanoenggilanipoen). P.C.

Ingkang toenggil kandang, nadyan kawontenanipoen mentjar-mentjar, inggih poenika saweg kita kaoem R.C.

Dados sampoen wadibit kita nama sadérèk, jén wonten salah-satoeng-giling sadérèk badé anggiwar kënging mala, (dédé mala bangsaning goedig, borok, enz. P.C.) tjawé-tjawié, njaroewé ngélikaken lan sapanoenggilanipoen.

Jén satoenggiling sadérèk sakit, sinten malih manawé boten sadérèkipoen ingkang ndjampéni, tjiang sanés poenika rak dérèng kantenan. Manawé iichtijar sampoen boten mandi la poenika saweg.

Mandarlaré alit poenika, (djaman roemijn, pangapoenten sapoeni) manawi dipoenjamoni oetawi kapoerih ngombé djamoe boten poeroen, ladjeng dipoenontèl, dados nama pineksa.

Mila para sadérèk! réhning srawoengen kita asrama Sw. Tm., (dateng kandang ingkang boten toenggil kaeo pagoeron) sampoen oewas adjrih dipoenwastani sok njekoki sadoeloeré déwé, noenten moendoer.

Jén panten dipointekkoi oetawi dipoenjamoni tjabé-lempoejang oet. malih djamoe bagolan inggih kedah dipointandangi temenan.

Sesakit oetawi mamala jén boten sano dipoenjaméni mesti boten saged mantoen, sageda inggih lami. Makaten oegi mamala oetawi sa-sakiting roh (soekma) kedah dipoenjaméni ingkang dadasdjonipoen.

Pamanggih koela, Sw. Tm. mila loegoe kanggé kita, dados nadyan isi tjekok, inggih tjekok toemrap kita ingkang lepat.

Déné kadang kita ingkang kënging tjekok. ladjeng saged mantoen, la poenika soekor bagé séwoe. Awit pantjen kita ngadjeng-adjeng lan sami ngangkah sageda kadang kita sami waras-wiris, bongkéngan këmawon sampoen ngantos, milani-poen ladjeng ada-ada ngowntenaken P.K.W. lan sanés-sanésipoen pa-nenggilanipoen poenika.

Déné, jén boten mandi tjekokipoen, medal sadajaning iichtijar, inggih sampoen begdjanipoen, pantjen njat mblasar! Nanging koela bedék, jén poen lepat waoe ndla-roeng, kladjeng pambloenatipoen, mesti kapotjot saking P.S. gandoelan kita.

Wondéné jén mandi tjekokipoen angsal pangalembana donja achirat, katrimah.

Mangké rak ladjeng kalaik (ing batin) wonten temboeng: "Ah, ora kaja-kajaa, sadoeloerke lanang (wadon) si X bisa namban! lan marék-aké injong, adja-adja, ta adja, sida kebandjoer-bandjoer oléhkoe mbe-djoedag, ora woeroeng ketjemploeng nraka djaminan, dadi ketiplaké si éblis lakanatoellah sing gawéné ngeridoe manoengsa.

Mila sampoen klintoe tampil sa-dérèk! Tjiang remen boten kirang pangalem, tjiang geting, seigit spa. boten kirang panatjad, pamada, oet. panatjad poenika sok terkadang malah dados djampi saé. Pangalem boten mesti, sok dados djamoer wisa mandi.

Sapisan malih lan tandoek saén-tong engkas wewah sasripitan, dados kita kedah awas, moelat, katja praksana kabikaka lens-ipoen ingkang ageng oetawi wijar kados model Bosscha. Sampoen, samantan këmawon kados sampoen tjekap känggé ngoedari panggalih."

Poetra kaplesit P.R.B.C.S. ing SAKB. 31 Maart. 1929.

Atoer panoewoen lan soekoer koela.

Koela poenika tjiang barès inggih pasadja, njat koela namoeng wawaton niroe sing betjik, ngemohi sing ala mekaten poenika panggoengkoh koela soepados doemoegi djiatining katresnan, noewoen inggih tresna ing Bendara kita Goesti Allah ingkang Maha-koewasa, ngoengkoel-ana samoekawis ingkang katingal lan boten katingal, kaping kalih tressna dateng sesamining doemados ingkang aseokma) kados dateng badan koela pijambak.

Piwoelang Sang Maha-Njata dateng koela poenika namoeng sarwa njata-njata, lan njatanipoen inggih sampoen koela tindakaken, wawaton sagadoeg koela, sakadoegn koela (soekma lan raga) wosing atoer sadaja namoeng badé ngegongi alias papados leres ingkang tjoendoeck karsaning Goesti kados walojejanipoen sadérèk ingkang koela wanoehi P.D. ingkang pepoetjoeck dakik-dakik nangang boten njata.

Sad. P.D. koela anggep sadoe ing panggalih prakawis pandoegi-ipoen dateng koela anak Seranie, boten nganggih nilar tata-krama, koela kakinten tomoet ngemboen ngélmoe raos oet. njampoer R.K. lan ngélmoe raos, dados kados njo-njah... (ik bèn Christen en Theosoof tegelijk). Adoech ndadak bandjoer paring panglipoor barang, ambak-ambak ora nggrendjel. O, sadérèk pangandika pandjenengan tetep temboeng sirna sareng lan angin inggih swasana ing ngadyèng kita poenika. tjekakipoen koela boten betah sanget-sanget panglipoor dengandika.

Mila kasinggihan pangandikanipoen, golonganipoen ngélmoe raos ngéngéngé samoekawis ingkang pantjènipoen gampil dipoen-ngrétoosi, koela inggih sampoen boten kirang koepijs, djer srawoengen koela wonten Solo inggih golongan poenika, oepaminipoen kémawon koela atoeraiken: Ing boekoe djalma soejatna (ngélmoe raos lan Islam M.S.), ing ngrikoe wonten ingkang nerangaken sangkan paraning manoengsa, ing poerwaka dipointekkoi bilih soekmaning manoengsa makaten badénipoen (bakalé) saking boten wontenpoenapa-poena (van niets), ing wingking ngéndél, djeboel saking pletikaning Panérgan, dados Goesti Allah poenika mitoeroet serat bisa gempal lan gempil. Hik-hik.

Katjek samanten kémawon. Soepados sadérèk koela sepeoh P.D. sakétkja ing panggalih, lan jén wonten sardjananing kapti sageda itjal, kaililana koela tja-blaka prasadja salaras atoer koela ing ngénggil. Koela, Sr., poenika boten wanoeh kalian ngélmoe raos, boten nedya wah boten kepéngin wanoeh, djer koela Katholiek, poetraning Iboe Pasamean Soetji.

M. SRANIE.

KOEROE SÉTRA.

Film Indonesia.

Sambetipoen Sw. T. no. 13.

Trompetting pers-pers petak lan pers-pers sandjawining Noesantara, ing semoe samingoewatosaken ébah-ébah Nationala ing tn. India; jén kirang begdjanipoen temtoe gampil sanget klebetan opium-alkooloid Rusland alias communism; langkoeng² tn. Djawi; saja jén ngéngeti katahing dijwi tn. Djawi ndjalari rekaosing ngoepados pangoepa-djiwa. Poenika ambak-ambak njata sanget, pantjen makaten. Leres Nationalist lan communist poenapa déné Socialist poenika pantjènipoen kedah songkolan, kedah ngalér ngidoel; nangang kanggénining tn. Kolonie pantjen gampil sanget memitrani-ipoen, gampil sanget tjampoeripoen.

ingkang temtoe kirang ngenggén doegi lan prajogi, kirang pikantoeck oepami katjotjogaken kalijan lam-pahipoen ndasari watak saé. Manawé éstoe nggatosen dateng te-gesipoen nggoela-wentah, boten kënging ngililani anakipoen kirang patrap dateng tjiang sepoeh, lan kedah tansah ngangen-angen manawi dados panoentoen, sarta dados pangaleng. Sampoen ngantos keladjeng-ladjeng, kedah noenten kaperangan, panganggeping laré njamékaken tjiang sepoeh kalijan laré kados kantjanipoen. Awit ingkang makaten waoe saged ngitjalaken tata ingkang saé. Déné laré ingkang angsal di-dikan saé, boten badé nganggep awrat oetawi angél, taklim dateng tjiang sepoeh. Djalaran tansah ka-predi lampah-lampahing tata-krama waoe ladjeng dados koelina. Ingkang poenika, sadaja ingkang kelahir boten sanés inggih poenapa ingkang nilar tata-krama, toemindakipoen

Saiba ta goemoen koela, goemoen ngemoe sisah lan welas sanget, welas dateng bangsa lan tn. woetah rah kita, sareng maos verslag ver-gadering P.I. ing Den Haag, ingkang dipoenpangarsanisadérèk Moh. Hatta ingkang ngaken Nationalist lan tjalon leider, ingkang gadah idam-idaman ndjoenjoeng dradjading bangsa lan tn. woetah rah ipoen; djeboel kelebetan wisa saking ndjawi ajem kémawon. Wakil communist, socialist dipointampi kanti remening manah; é boten ding, malah dipoensoeroehi. Adoech bijoeng-bijoeng; malahan sadjakipoen kaem communist Isp. kawedal sagah am-bantoe sad. Nationalist kanggé ka-perloeuning Indonésia. Hara, mbantoe poenapa? Kados-poendi penam-pinipoen kadang kita waoe; kita wadibit ngatos-atos lan prajitna sa-jektos. Kadang R.K. tjantjoet looo!!

Nationalist, hem. Nationalist lamis, ndjawi, lair, dérèng teroeng ing manah, éstoe dérèng padja-padja lan Nationalist ingkang tjetjog lan tem-boengipoen sajektos. Solo poenika klebet poesering ébah-ébah.... list waoe; ning kok.... hem. Sanak sadoeloeré kbandijiran.... kok MALAH PLESIRAN..., MATJAK NÉT - NÉTAN..., MANDOLINAN... toeroet prahoe. (katah sad. ingkang..... waaah ngaken NATIONALIST) boetoeh déwé....! memelas!! Ajo..... ta kaprijé? Adoech....! Taksih katah toeng-giliopen.

Bedrijf sanésipoen bêndjing malih.

Noewoen

HERCULES.

Poenapa boten nama ngéwak-éwakaken?

Oepami wonten sadérèk Katholiek ingkang sami njerat wonten ing serat kabar sanés-Katholiek poenika prajogi poenapa boten? Wah prajogi sanget! Éwasemanter jén koela inggih mawi-mawi, boten sedaja ladjeng saé lan prajogi. Milanipoen ing sadérèkipoen kedah kapeng-galih roemijn ingkang pandjang. Sampoen pisan-pisan namoeng noeroeti hardaning panggalih, soepé dateng doegi prajogi. Awit koela mentas mrangoeli pijambak, ingkang saking pamanggih koela, pants koela saroewé.

Inggih poenika:

Ing serat djanget angka 10 wedalan 7 Maart 1929 wonten oréhan ingkang atetenger **djamán** P. sine-rat prijantoen Katholiek ing Semarang tinandan:

||| 1-2-'29. |||

Mitoeroet poenika para maos Djanget tamtoe saged mastani jén ingkang njerat poenika oegi tjiang Katholiek.

Sapoeni kados-poendi wosing oréjan kasebat? Prekawis poenika boten badé koela wangsoeli ingkang métok oetawi tjekel, namoeng badé koela anggih tjangkriman, sinten ingkang lantip oegi saged ambatang. Sapoeni mangga para sadérèk Katholiek ingkang ngebon Sw. Tama no. 7 tanggal 22 Februari 1929 lembaran kalih lan lembaran I sakedik koela atoeri mriksani ribrik Koeroe sétra. Sampoen....? Jak mangké gék Mas Pramila boten kagoengan djanget, éman poenika?!

Inggih sampoen, koela atoeri ngasta Sw. T. kémawon koela waosaken djangetipoen. Jén koela ngaten sampoen wongsal-wangsoel anggih koela manding. Sampoen...? Sampoen saéstoe...? Sapoeni koela wiwit!!! Nanging sadérèkipoen wiwit, koela atoeri manding titi mangsanipoen: Ing djanget katiti mangsan Semarang 1-2-29. Sw. T.?

kinandoet ing salebeting manah, ingkang dados batospoen. Sapoeni kantoen nantoon badanipoen pijambak, kados-poendi rékanipoen tjiang sepoeh anggènlipoen badé njiranani ndandosi lampahing laré ingkang kléntoe. Sadaja ingkang ngoedi dateng kawiloedjenginan laré, sarta ngretos kados-poendi badé kedado-sanipoen manawi wewenangipoen dipoenréméhaken, temtoe badé tansah ngatos-atos soepados apesiopoen wewenang waoe adjeg, ageng-ipoen saja wewah-wewah, awit poenika namoeng toemandja dateng kawiloedjenginan laré, nggampil-aken angsaling toedjoenipoen panggoela-wentah. Goeroe ingkang ngretos bab poenika, temtoe tansah ndjagi, soepados laré boten itjal roemaspipoen dipointoentoen, roemaspipoen dados andahan, tindak tan-deok sarta ginemipoen tansah ngatos-atos, sarta boten nilar doegi lan

I. Mockdjidjat sandoewoering moekdjidjat.

(Wonder boven wonder!)

Sw. T. No. 13 damel gédèg lan gédèg koela! Ngoedoe billahi mina karoe-karoehan! Ki Loerah njoewoen priksa seblangipoen: kados-poendi déné oréhan koela pé-rangan I, ingkang akepala "Correspondentie" dipoenpanapanaken ing Corresp.-nipoen Sw. T.?? Mangka karangan kalih waoe dlantjung inggih kalih, senadjan mawi koela témpélekken ka-elim dados setoenggal. Mindah panggalih Kangmas Bajoewara lan Ki Raka Mérah! oetawi pandjenengan pribadi, Ki loerah! Poenika ta menawi Redactie boten ngadep drukkerij!! *)

II. Openbaar Onderwijs.

(Zie Sw. T. No. 13).

Ing parepatan N.I.O.G. 9 Apr. ing Roemah Sétan, Maliboro Dk., tw. Van de Wel lan tw. Roorda medar-sabda bab Onderwijs. Oréhanipoen tw. kalih waoe koran Djawi ngemot oegi verslag-ipoen. Réhné oréhan waoe nggerek, malah nggrajang pamoelangan sadjinis pamoelanganipoen Missie (confessionele onderwijs, i.p. pamoelangan kawengkoe ing agam oetawi kapi-tadosan), mila sampoen wadibit kita, nanggapi panggrajang waoe. Pamedar sabda kadoegi boten badé maos panoengkarta poenika; maos inggih boten badé anggapé, anggapé inggih boten badé ngéwahai; nangang pamoelangan kawéh kawéh!

Pramila. Verslag ingkang koela toeroet verslag Mataran 10 Apr., rubriek "Vorstenlandsch Nieuws". Ingkang koela tanggapi namoeng tw. V. d. W., verslag koela djawékaken seoroasipoen; angka lan tanda pa-mrintjining prakawis saking koela, Pramila.

Alinea 5. Sawenéhing Openbaar Onderwijs (O.O.) ikoe doedoe apa kong ora dilakoni déning goeroe, nangang apa kong ditindakake.

Pramila. Lha poenapa ingkang katindakaken déning goeroe O.O.? én goeroe sa-tw. V.d.W. mbok-menawi propaganda amrih soeda lan itjaling kapitadosan, kapitadosan dateng Goesti Allah! Jén jektos makaten, dados mengsa kalijan tjiang ngriki, lan actie kados makaten pantes jén actie tjaip roemah setan. Sadérèk, poenapa pandjengan boten kagoengan Mussolini?

Al. 12. Sebab poenkapas: a) marga wong pada soemelang menawa O.O. ora bisa moedjoedi kang pada dadi pendjaloeké; b) nangang baé C.O. hija ora bisa tanggoeng; c) djenengé pamoelangan dadi soelja karo njatané.

Pr.: a) Dasar makaten. b) Ka-trangan?? c) Poenapa saimba pamoe-langan ingkang nama nétral, nangang goeroenipoen sami propaganda abrit poenika??

Al. 13 . . .

Al. 14. C.O. babajané kang gedé déwé enggoné metjahaké bonga.

Pr.: Inggi kok! Oepami sedagad sampoen kados Roeslan sedaja, min-dah . . . rahajoené!

É, poenika menawi gesang satjara-ning-sanés-tjiang kënging kawas-tanen rahajoe.

Al. 15 C.O. kawastanan piranti-ning politiek déning tw. V. d. W., jang moelja.

Pr.: Sangsaja O.O! (A fortiori O.O.)!

Margi wangsoelan ngénggil poenika kados boten sa maprali conclu-sienipoen tw. kinoermatan V. d. W.

PRAMILA.

Boten wonten. Nanging poenika Sw. T. kala 22-2-'29. Namoeng noenggil woelan. Inggih sampoen boten dados poenapa. Sapoe-nika troes wiwit saéstoe:

Djamán P. Poenika djanget lo, pendjenengan Sw. T. poen sémak ingkang saéstoe lo!! Tjetjog! Tjetjog! Teroes: Jén mirid wawasanipoen sadérèk Pramila ing Swara

Tama no. 1+2.... mendem P. Tjetjog?? Tjetjog!

P. G. H. B. dipoenwastani koer... Wé lha... pedes. Sami???

Kaot sakedik ing rikoe dus, saing Sw. T. ngriki dados. Njela sakedik! temboengipoen sambel goréng panjeratipoen ing Sw. T. ngriki kados-poendi? Jén ing djanget dipoenkandelaken, semanten oegi tem-

BAB IX.

Kapitajan.

Kanggénipoen para sadérèk tam-toe sampoen terang, manawi ka-pitajan poenika ageng dajanipoen. Ingkang poenika sadaja ingkang sami nggoela-wentah wadibit sami gadah kapitajan. ngGarap pandamel-an poenika manawi sampoen dipoen-djbaken saénipoen, lan linampahan kanti pangatas-atos, temtoe boten katalah

Ngatoeri, priksa, bilih kala dinten Kemis Pon, tanggal 12 April 1929, koela kekalih pinarangan momongan éstri, kanti wioloedjeng. Koela namakaken **Maria Sri Hartati.**
H. Sadarijah } Héndrawarsita.

Katambahana banda momongan djaler, koela namani:
J. B. ADISOESILA
J. Oemar Adisoewignia
Gondang Lipoera.
16/4/29.

PAKOLÉH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÉT INGGIH NAMOENG MERK GAZELLE INGKANG AWOEDJOED ALCYON DUNLOP R. I. W. RIJWIELEN

Nitjil kenging! — Kentjeng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELEF. 508.

HANDEL IN BOUWMATERIAAL

ALS:
KALK DJATIHOUT, OESOEK, BAK- EN KALISTEENEN
TEVENS IN
HOUTSKOOL EN BRANDHOUT

H. J. SAMPACK
GAMPING DK.

OF P/a R. PRAWIRODIDJOJO
Opn. sf. Mertajoedan — MAGELANG.

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOKJA.

MAGAZIJN VAN
LUXE- en HUISHOUDELIJKE
ARTIKELEN
KINDERWAGENS — SPORTKARREN
KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

Retraite kanggé para prijantoon poetri ing taoen poenika, wiwit tanggal 20 Mei doemoegi tanggal 24. Sinten ingkang badé ngrèsakaken ndèrèk retrai dipoenatoeri kintoen kabar sadérèngipoen tanggal 15 Mei. Serat kedah kaatoeraken dateng Overste, Moeder Odrada, ing Mendoet.

Déné kanggé wragading retrai manœut ingkang sampoén-sampoén inggih poenika f 3.-

Zusters Franciscanessen
Mendoet bij Magelang.

Krans Wanita Katholiek D.K.

Serja kaping 18-4-29 wonten dalemipoen sadérèk V. Rakinh Bintaran Lor. Ingkang rawoeh sadérèk poetri 24 sadérèk kakaeng 2. Djam 5½ parepatan kabikak.

Ingkang karembag:

I. Bab oelem² saking P.P.I. angènipoen badé ngémoet-émoet sang kalokéng rat R. A. Kartini, bédjing 21 April.

II. Oelem² saking K.W. ingkang sampoén ngedegaken comité kangé nglairaken manahipoen gotrah Kath, déné Kangdjeng Santo Rama sampoén loewar saking rericid (Roemische kwestie).

III. Manawi badé wonten woelangan handwerk dipoenwara-warakan wonten ing Centraal-Katholik.

IV. Bab pagladrén sesorah, pendak Ngahad kaping 2 toewin kaping 4, wiwitpoen djam 6½ sotent.

Ingkang sagah toemoet prijantoon 15.

V. Bédjing manawi wonten retraite para warganan W.K. sami merlokna tindak.

VI. Gezellige bijeenkomst dipoen-dawahaken dinten Ngahad, wonten dalemipoen mevr. Padmawijaya. Botrépotipoen kapasrahaken Pangrèh.

VII. Sadérèk Soekarna oesoel, soepados jén parepatan mawi adat Kath. Sadérèngipoen parepatan katoetoep sadérèk V. Rakinh ngatoeraken sagoeng panoewon deng para ingkang sami rawoeh.

Djam 7 parepatan katoetoep kan-ti wioloedjeng.

Djokja 20-4-29 Taklim

Panitra krans W.K.
Justien S.G.R.

Tamtoe lohoer ing tanah kedjawèn.

Kangdjeng Toewan Besar ingkang witjaksana Goepernoer Djéndral Pasquir rawoeh ing nagari Soerakarta nalika tanggal kaping 16 April 1929 wantji djam 5 sotent. Ingkang mangajoe bagya wonten ing dalem Goepernoeran, kadjawi ingkang kagoengan dalem para pangrèb pradja, lan toewan mil, komandan, Kangdjeng goes ti Pangéran Hadipati Harja Mangkoenagara VII lan Papatih dalem Kangdjeng Soenan minangka soeselih dalem. Roemijnipoen rawoeh ing dalem Kamangkoenegaran, woesana dateng kraton. Ingkang kaagem Kangdjeng toewan besar titjan dalem karéta kentjana. Wonten ing keman-doengan sampoén pinapag para Pangéran, ladjeng wonten ing Sasana Séwaka Kapetokaken sampéjan dalem kangdjeng Soenan.

Wonten ing kraton kinoermatan beksan bedaja lan srimpi, saha dahar pista.

Sampéjan dalem Kangdjeng Soenan tami saking Kandjeng toewan Besar medali Grootkruis van den Dubbel draak van Annam. Déne Kangdjeng Goesti Pangéran Hadipati Harja Mangkoenagara VII lan Kangdjeng toewan Goepernoer sami tampi Het commandeurkruis van die orde.

Sampéjan dalem Kangdjeng Soenan gentos pisoengsoeng aroepi wangkingan kalih idji lan pandjenengan mawi garan gading rinengga ing baréan winangoen ing aksara P.B.X.

Serja kaping 17 rawoeh ing Ngajodja, nangging mampir mriksani tjandi Prambanan roemijn. Sadérèngipoen rawoeh ing Pakoalaman saha gedutan mriksani tjandi Baraboe-door roemijn.

Panampi saha pakoermatan wonten ing Ngajodja sami kados déné nalika wonten ing Solo. Wonten ing Pakoalaman Kangdjeng toewan Besar maringi medali Cravatte du Commandeur de 1; Etile d' Anjouan et des Comores dateng Kangdjeng Goesti Pangéran Hadi Pati Harja Pakoalam VII. Kangdjeng Goesti gentos njaosi pisoengsoeng roepi tlelem wadah sosotya saking penjoe sine-loet salaka rinengga ing gambbar dalem sagarwa poetra.

Panampinipoen wonten ing kraton Jodha sami kados nalika wonten ing Solo, sarta mawi koendisi kangé Srimaha Radja, Toewan Besar, Toewan Goepernoer, Ingbang Sinoewoen sapitoeroetipoen.

Saking Ngajodja.

1. Balé pertemoean.

Sampoén ragi wonten setengah woelan poenika, para warganing pakempalan P.P.P.K.I. sectie Ngajodja ngawontenaken: Bon ds ge-bo ouw, njéwa grija no. 2 ing: Lodjiketjil, sawétan bétèng: Vredenburg, kanamakaken kados ingkang sampoén katjetra ing nginggil, perloe kanggé njadijani sadaja pakempalan kabangsan manawi pinoedjoe: ver-ga-der-ing lsp.

Inggih moegi² sageda katjepeng poenapa toedjoenipoen, lan sageda ngindakaken njoepketaken sadérèkan, madjeng sahieng—oeger kémawon boten blawoer ing pamawas bok-bilih wonten bledoeging margi.

2. Pengadjaran ra jat - Volksuniversiteit.

Poenika inggih jasan énggal ingkang ing soewae katjepeng pakem-palan: Pemoeda Indonésia.

Ing sapoenika tebanipoen kawi-

KALAU BELI OBAT - OBAT

méang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada te-rima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

Obat-obat keluaran roemah² obat

RATHKAMP MALIOBORO
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

RATHKAMP DJOKJA
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP“ dan „ERCEE“

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

WIDADANING PRIESTERFONDS

nedahaken bilih kita mangertos dateng wadjib lan sesanggèn kita pijambak.

HEEL DE ARCHIPEL LEEST DE KOERIER EENIG R. K. DAGBLAD IN NED.-INDIË

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ⁵⁾	7.	Pemalang ³⁾	7.30.	Kependjén 6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Bou. 6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta 6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandoeng Balai 7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandoeng Karang 8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandoeng Sakti 7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina)	Salatiga	7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember	7.30.	9.30 (mal.)		Sambas	6 - 8.30.	Tegal 7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari ⁶⁾	7.30.	Sambong	8.	Tering 7.
		Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Tjilatjop ⁸⁾ 7.30.
		Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Tjimahi 6 - 8.
				Modjokerto	6 - 8.	Tomohon 7 - 8 - 9.
				Moentilan	5 - 6 - 8.	Wates ⁷⁾ 7.
				Muntok	8.	Weltevreden:
				Ngawi ⁷⁾	7.30.	Waterlooplein 5.45 - 7 - 9.
				Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina)	Kramat 6 - 8 - 9 (mal.).
				Padang Pandjang	7.30.	Wonosobo ⁸⁾ 7.30.
				Pajakoebo	7.30.	Woloan 8.30.
				Palembang	7 - 9.	
				Pasoeroean ¹⁾	7.30.	

¹⁾ 1e. Achad. ³⁾ 2e. Achad. ⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad. ⁷⁾ 3e. Achad.

²⁾ 1e. + 3e. Achad. ⁴⁾ 1e. Achad tiap² doea boelan. ⁶⁾ 2e., 4e. Achad. ⁸⁾ 4e. Achad.

jaraken, dipoenpramoegareni pa-ngarsaning; Balé pertemoean, i.p. Mr. Ali Sastra amidjaja.

Ingkang kwoelangaken:

a. Ilmoe oemoem: sociale weten-schappen, economie, babad, ilmoe pendidikan, lan Hygiëne.

b. Basa: Walandi - Indonésia lan Inggris.

c. Koersoes a.b.c. — kados Xav. Bond. Moentilan, oetawi sekolah a.b.c. zusteran Ngajodja.

Kanggé ilmoe oemoem poenika manawi dados lid „Pengadjaran ra jat“, lid loear biasa, oetawi donateur boten soesah ambajar, déne tijang sanès ambajar f 0.50.

Déné basa, manawi lid, lid loear biasa oetawi donateur ambajar f 0.50 sanèsipoen f 1.

Sadaja waoe saben vak satoenggal.

Panggénan sinaoe, koersoes a.b.c. ing kampoeng. Sanèsipoen dèrèng temtoe, sapoenika taksih wonten ing: balé.

Goeroe-goeroe: Mr. Ali, Dr. Soekiman, Ir. Soemani, K.H. Déwanta, Soewandi, Soegeng, Soekemi.

Inggih, moegi—moegi ngedalna woh ingkang timbang lan anggèn-ipoen sami dana sarira.

Manawi koela: Kita inggih gadah „Pengadjaran ra jat“ — na-lika kita taksih wonten „Moentilan.“

Nanging éman déne teka boten katampi, rak inggih ta? Panginten koela, saé, manawi para K.W. poenika damela makaten, rak inggih kober ta?) kita boten namoeng badé mengadjar, nanging oegi: „mendi-kikabatinan ra jat“ rak inggih ta?

Ki-Gowong.

* Samantana waoe manawi boten ka-goengan samèn pandamelan sanès.

ATOER OENINGA.

Ngatoeri priksa dateng para leng-anan, para Adverteerders toewin para Redacteur ingkang lintonan (ruilnummer) kalian serat kabar poenika, wiwit sapoenika manawi wonten ingkang dèrèng tampi Sw. Tm. oetawi Soeara Katholiek ing sa-minggoe-minggoenipoen, moegi—a-mirih rantjagipoen—troes karsaa éng-gal-énggal maringi priksa dateng Expediteur, boten dateng Moentilan, soepados sampoén ngantos katjoewen. Anamoeng njoewoen priksa lengganan nomer pinter sarta adresipoen njoewoen ingkang terang, temtoe ladjeng badé teroes kakintoenan. Sérat seregan kasoewoen lat-latipoen dinten Slasa. Déné manawi badé miterang, kaadrésana dateng Expediteur:

R. M. C. S. Atmopontjosoeirdjo p/a Drukkerij „Canisius“ Kampeinentstr. (Djokja).

Katrangan saking Corrector.

Ing Sw. T. No. 13 wiwitinan Cor- resp. doemoegi oekara „Aloes, eh ... engko!“ poenika karangan- ipoen Sad. Pramila pérangan I, atitel „Correspondente“, koela wastani Rama Red. klintoe anggènipoen ndjedjér tjalon isining Sw. T. kase-boet, lan sarehne Moentilan tebih saking Dk, mangka wekdal sampoén boten kantos, karangan koela pa-panaken panggénan lepat poenika; ngertos koela lepat sareng dipoen-doekani. Boten langkoeng njadang pangaksamanipoen Redactie toewin pamaos Sw. T. sadaja. Ing tembé badé koela atos-atos sanget.